

Planing an ijans (sig anglè a : EC)

Grenn Levonorgestrel 1.5 mg, gress Ulipristal Acetate, sterilè an kuiv, sterilè ki gen Levonorgestrel 52 mg (an anglè : Levonorgestrel 52 mg IUD), gress ijans



Kijan planin an ijans lan (EC) fonksyoné ?

- Gen **4 tip** planin an ijans (EC) : **2 gress, ak 2 essterilè**. 1 gress ak 1 essterilè ki gen òmòn pwogestin ladan l, epi 1 gress ak 1 essterilè ki pa bati sou òmòn.
- Gress planin an ijans yo (EC) travay pou fè **ovalysyon an retade**. Si pa gen ze pou espèm lan feconde, gwochè la pa p fèt. EC a pa entèwop yon gwochè ki fèt dejà, oswa lakoz avòtman. Souvan, gress planin an ijans yo (EC), moun rele **"morning after pill," (an Kreyòl : gress nan demen maten an)**, ou ka pran yo nenpòt lè, nan entèval 5 jou apre ou fin fè sèks, pou w pa ansent. Yo pa anpeche gwochè fèt, si ou te fè sèks apre entèval 5 jou an, menm si se apre ou fin pran gress nan ou fè sèks la.
- Esterilè yo travay, prensipalman, pou anpeche espèm lan feconde yon ze. Kèkfwa, esterilè ki bati sou òmòn yo ka anpeche ovilasyon an fèt. Ka gen kèk lòt mwayen esterilè yo fonksyoné moun pa fin byen konprann.
- Esterilè yo fè efè nan entèval 5 jou ou te fè sèks la, epi apre yo fin mete l, li kontinye anpeche gwochè.
- Yo ka itilize EC nan diferan senaryo :
 - Relasyon seksyèl nan kontak pijon ak bouboun ki fèt san kapòt.
 - Gen sousi pou premye metòd planin ou te itilize pa t fèt kòrèkteman.
 - Kòm yon bon metòd ki bay yon « sipò », an atandan ou kapab gen aksè ak yon lòt metòd ou pi renmen an.
 - Kòm metòd planin prensipal, « plan A », si se raman ou fè sèks.
 - Apre yon kadejak.
- Pou plis pwoteksyon pou anpeche gwochè, ou ka itilize yon lòt metòd planin, an menm tan ak gress planin an ijans lan, Men, pinga w itilize *Plan B* ak *Ella* a, yonn apre lòt nan yon entèval 5 jou—yonn ap anpeche lòt fè efè.
- Planin an ijans lan mache pou moun ki gen **nenpòt laj, ak moun sa yo k ap fè terapi avèk òmòn. Gen kèk metòd ki pa travay ase byen, pou moun ki gen kosyan ant pwa e otè (sig anglè : BMI) ki elve anpil.**

	Gress ijans levonorgestrel 1.5 mg	Gress ijans ulipristal acetate	Esterilè ki gen òmòn (levonorgestrel 52 mg)	Esterilè an kuiv	
Mak depoze	<i>Plan B One Step, Take Action, My Way, AfterPill, My Choice</i> , ak lòt non jenerik pwodui.	<i>Ella</i>	<i>Mirena, Liletta</i>	<i>Paragard</i>	
Fòm	Gress ijans		Esterilè		
Sibstans an aksyon an	Levonorgestrel (òmòn pwojestin)	Ulipristal acetate	Levonorgestrel (òmòn pwojestin)	Kuiv	
Aksè	San preskripsyon, oswa avèk preskripsyon.	Preskripsyon obligatwa.	Al wè yon pwofesyonèl lasante, pou mete ak retire esterilè a pou ou. Ou ka anmezi retire esterilè a, pou kont ou, si w ka santi fil yo.		
	<ul style="list-style-type: none"> Al wè pwofesyonèl lasante ou, al nan yon klinik pou planin familyal, pou mande yon preskripsyon (rele nan klinik la, pran yon randevou pou konsiltasyon an liy, oswa vizit fasafas), oswa itilize yon pwogram (aplikasyon) sou planin. Mande yon preskripsiyan ki gen renouvèlman, pou w ka itilize alavni. Mande yon preskripsiyan, anvan ou vin bezwen l, oswa lè ou bezwen nan. Se pou gress nan disponib lakay ou, avan w bezwen l, oswa al chèche l, lè ou bezwen l. 				
Itilize l atan	Li efikas pandan maksimòm 5 jou (120 tèdtan) apre ou fin fè sèks, men li pi efikas nan premye 3 jou yo (72 zèdtan), apre ou fin fè sèks.	Li egalman efikas tou pandan maksimòm 5 jou (120 tèdtan), apre ou fin fè sèks.			
Limit nan kosyan ant pwa e otè (sig anglè a : BMI)	Li mache pi byen pou moun ki gen kosyan ant pwa e otè ki anba 26.	Li mache pi byen pou moun ki gen kosyan ant pwa e otè ki anba 35.	Mache menm jan pou nenpòt kosyan ant pwa e otè moun nan genyen.		

						
	Grenn ijans levonorgestrel 1.5 mg	Grenn ijans ulipristal acetate	Esterilè ki gen òmòn (levonorgestrel 52 mg)	Esterilè an kuiv		
Èske li bon anpil pou anpeche gwo sès	89%	94%	99%			
Gen kèk medikaman ki ka fè Plan B a, Ella, ak esterilè ki bati sou òmòn yo, pa mache byen.		Medikaman pa afekte I.				
Entimite ak kontwòl	<ul style="list-style-type: none"> Patnè w la pa ka wè, oswa santi, si w ap pran yon gress planin. Patnè w la, oswa yon lòt moun, ka rive jwenn anbalaj gress planin ou konsève, oswa jete nan fatra yo. Yo gen dwa wè w lè w ap bwè gress nan. Patnè w la ka santi fil esterilè a avèk dwèt li, oswa pijon li, lè n ap fè sèks. Si sa rive, e si li jenan, pwofesyonèl lasante w la ka taye fil la, pou fè l vin pi kout. Yon lòt moun pa ka wè si w ap itilize yon esterilè. Yon moun k ap viv avèk ou, oswa ki gen asirans ansanm ak ou, ka wè yon bòdwo asirans ou voye pou ou. Si gen nenpòt lòt moun, k ap suiv lè ou gen règ ou, li ka remake yon chanjman nan lè w gen règ. 					
Entèraksyon avèk nouvo, oswa metòd planin w ap itilize	Ka kòmanse, oswa kontinye, avèk yon lòt metòd planin imedyatman.	Yo rekòmande pou w pa itilize gress, patch, oswa sèk, pazavan plis pase 5 jou, apre w te fin itilize Ella a, epi apresa itilize yon metòd bakòp pandan 7 jou, apre w kòmanse gress nan, patch la, oswa sèk la. Li kòrèk pou w kòmanse ak piki a, oswa enplan an menm lè avèk Ella a. Ella a gen dwa pa travay sifizam byen, kidonk itilize yon metòd bakòp pandan 12 jou.	Ou ka rete ak esterilè a, kòm yon planin pèmanan, oswa retire l apre pwochen peryòd ou. Ou ka anmezi retire esterilè a, pou kont ou, si w ka santi fil yo.			
Efè segondè	Gress pou planin an ijans yo pa gen efè segondè alontèm. Akoutèm, ou ka santi w gen kè plen, tèt vire, doulè nan tete, ti san, oswa chanjman nan lè w gen peryòd ou.		Pase yon eskanè pou foto sou kòd QR la, ki anba paj sa a, pou w ka wè paj ki gen enfòmasyon ak efè segondè posib yo sou esterilè ki gen òmòn yo, ak esterilè an kuiv yo.			
Itilizasyon apre akouchman	Ou ka itilize tout fòm metòd planin an ijans yo san danje, tousuit aprè akouchman. Done yo montre pa gen pyès, nan tout metòd planin an ijans yo, ki gen efè sou lèt w ap pwodui, sou bay tibebe tete, oswa devlopman tibebe. Pa gen anpil etid afon ki fèt sou rapò ant Ella (ulipristal acetate) ak bay tibebe tete, men gen yon sant rechèch nan inivèsite, yo rele InfantRisk Center (Sant sou risk pou bebe), ki fè etid sou transfè medikaman nan lèt manman. Yo rekòmande ou ka itilize l san danje. Sant Ozetazini pou Fè Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (sig anglè a : CDC) rekòmande, pandan 24 trè apre yo fin itilize Ella, pou jete lèt tete yo ponpe yo.					
Men kesyon pou w poze pwofesyonèl lasante w la	<ul style="list-style-type: none"> Èske m ka itilize gress planin an ijans kòm prensipal metòd planin ? Èske m ap ka jwenn gress pou planin an ijans lan avan m bezwen l ? Èske yo ka retire esterilè a, si li te sèvi kòm metòd planin an ijans ? Èske m ka itilize gress planin an ijans lan ? Èske m ka pran de gress planin an ijans, si m gen yon kosyan ant pwa e otè (sig anglè a : BMI) ki pi wo ? Èske m ka kòmanse ak yon nouvo metòd, oswa kontinye ak metòd aktyèl mwen an, lè m pran gress planin an ijans lan ? 					

Tcheke yon gid sou planin, ak papye ki gen enfòmasyon sou chak metòd planin yo.

